

## Mwen tande pwopriyetè kay mwen an dwe jwenn yon Sètifikasyon Pa Gen Pèsekisyon. Kisa Sa Vle Di?

- Si bilding ou an fè pati pwogram Sètifikasyon Pa Gen Pèsekisyon (Certification of No Harassment, CONH), sa ki gen ladan bilding SRO nan tout vil la, plizyè lojman nan Distri Espesyal yo ak bilding ki sou lis bilding Pwogram Pilòt la, pwopriyetè w lan dwe aplike epi jwenn yon CONH anvan yo apwouve l pou kèk pèmi travay ki enplike demolisyon oswa chanjman nan itilizasyon oswa nan kantite moun ki nan bilding nan. Yon fwa yo soumèt yon aplikasyon, HPD pral envestige si te gen pèsekisyon ki te fèt sou lokatè nan bilding nan.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Pilòt CONH an, epi pou wè lis bilding lwa a konsène, vizite [nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd) epi chèche “CONH”. Pou kesyon ki gen rapò ak pwogram CONH, tanpri kontakte [conhinfo@hpd.nyc.gov](mailto:conhinfo@hpd.nyc.gov).

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Liy Asistans Lokatè a se yon resous gratis ki disponib pou tout rezidan New York, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou. Espesyalis Liy Èd pou Lokatè nan Inite Angajman Piblik Vil Nouyòk yo bay sipò pèsònèl, nan plizyè lang, pou lokatè ki sibi pèsekisyon nan men mèt kay yo. Rele **311 epi mande nimewo èd pou lokatè a (Tenant Helpline)**. W ao jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/TenantHelpline](http://nyc.gov/TenantHelpline).

\*\*\*\*\*

*Tiliv sa a gen kesyon moun poze souvan pou lokatè ak pwopriyetè yo konsènan pèsekisyon sou lokatè epi yo bay li sèlman pou mete w alèz. Pou jwenn enfòmasyon ki konplè, konsilte lwa ak règ ki anplas yo.*

Modifikasyon: Janvyè 2023

\*\*\*\*\*



Department of  
Housing Preservation  
& Development

Depatman  
Konstriksyon

Depatman  
Dwazimen



Homes and  
Community Renewal



Department of  
Housing Preservation  
& Development

## Enfòmasyon sou:

- Mank Reparasyon
- Konstriksyon ilegal
- Menas
- Diskriminasyon
- Òf pou Rachte
- Pa respekte kontra lwaye pri lwaye estabilize
- Degèpisman san rezon

[nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd)

Pwoteksyon NYC Kont  
Pèsekisyon sou Lokatè  
*Kesyon Moun Poze Souvan*



# Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Pèsekisyon Lokatè

**Mwen te rapòte kondisyon antretyen bay pwopriyetè kay mwen an epi mwen pa resevwa okenn repons. Pwopriyetè kay la pa fè reparasyon yo, epi mwen kwè li vle pou mwen kite kay la. Èske se pèsekisyon?**

- Wi, dapre Kòd Antretyen Lojman Vil New York, si yon pwopriyetè kay pa korije kondisyon danjere ak/oswa deranjman ki genyen souvan nan apwovizyonman dlo, sèvis chofaj, gaz oswa elektisite, sa kapab konsidere kòm pèsekisyon. Depoze tout plent nan **311** epi asire ou di ou panse ou viktim pèsekisyon. Ou ka itilize vyolasyon yo bay yo pou kore yon dosye nan Tribinal Lojman kont pwopriyetè kay ou an.
- Ou ka fè yon plent pou pèsekisyon tou nan Tribinal pou Lojman an. Repons Tribinal pou Lojman an (Housing Court Answers, HCA) bay enfòmasyon sou pwosedi Tribinal la, pwoblèm ant pwopriyetè byen ak lokatè, aplikasyon kòd lojman an, referans pou èd jiridik gratis ansanm ak òganizasyon kominotè ki bay konsèy ak posiblite pou gen reprezantasyon. HCA prezan nan Tribinal Lojman nan chak minisipalite. Rele nimewo pou èd yo nan **(212) 962-4795**, madi jiska jedi, ant 9 a.m. ak 5 p.m., oswa ale nan [housingcourtanswers.org](http://housingcourtanswers.org).

**Gen konstriksyon nan bilding mwen an, epi mwen pa santi mwen an sekirite. Kisa mwen ta dwe fè?**

- Lè gen konstriksyon nan yon bilding, pwopriyetè byen yo gen obligasyon pou yo afiche yon plan Pwoteksyon pou Lokatè yo ansanm ak Deklarasyon Dwa sou Sekirite nan Konstriksyon (Safe Construction Bill of Rights) nan yon espas piblik nan bilding nan jiskaske konstriksyon an fini oswa distribibe toude bay lokatè yo. Si ou pa t resevwa dokiman yo, oswa ou pa wè yo afiche, rele **311**. Li Deklarasyon Dwa sou Sekirite nan Konstriksyon nan [nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd).
- Si gen anpil pousyè, fatra, ak pratik travay ki reprezante yon danje, si yo kontinye travay apre lè travay yo, oswa gen antre ki bloke, depoze yon plent nan **311** epi/oswa kontakte Biwo Defansè Lokatè yo nan Depatman Konstriksyon an nan **(212) 393-2949** oswa [TenantAdvocate@buildings.nyc.gov](mailto:TenantAdvocate@buildings.nyc.gov).
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou konstriksyon ilegal oswa ki reprezante yon danje, tanpri vizite [nyc.gov/dob](http://nyc.gov/dob).

**Mwen santi pwopriyetè a, sipèntandan an, oswa lòt reprezantan mèt kay la ap eseye fè m kite kay la. Kisa mwen kapab fè?**

- Yo defini kèk konpòtman moun sa yo kòm pèsekisyon. Pa egzanp:
  - Apèl byen ta nan lannwit pou fè presyon sou lokatè yo pou yo kite kay la.
  - Plede kontakte oubyen vizite yon lokatè pandan lè ki pa lè biwo alòske lokatè a pa te mande pou yo kontakte li.
  - Menas oswa diskriminasyon kont yon lokatè akòz sityasyon imigrasyon li.
- Pou siyale menas ak diskriminasyon, lokatè yo kapab kontakte **311** oswa Komisyon sou Dwa Moun nan Vil New York (NYC Commission on Human Rights) nan **(718) 722-3131**.
- Si menas lokatè yo te baze sou estati imigrasyon yo, yo ka kontakte Liy Dirèk pou Imigrasyon NYS (NYS Immigration) nan **(800) 566-7636**.
- Ou kapab kalifye tou pou sèvis jiridik gratis. Gade dènye kesyon an nan pwochen paj la.

**Pwopriyetè kay mwen an menase pou li degèpi m. Èske se pèsekisyon?**

- Wi, sa kapab pèsekisyon si pa gen okenn rezon pou degèpisman an (pa egzanp si ou pa peye lwaye).
- Degèpisman ilegal oswa eseye degèpi moun ilegalman, pa egzanp retire pòt oswa seri nan yon apatman ki gen moun ki rete ladan oswa chanje seri nan pòt la san ou pa bay yon kle, sa yo se pèsekisyon tou.
- Si pwopriyetè kay ou a fèmen w deyò apatman ou a, ou ka kontakte NYPD oswa siyale pwopriyetè kay la nan pòs polis ki nan zòn ou an.
- Si ou te deja resevwa yon avi pou degèpisman, ou ka rele **311** epi mande pou "Liy Asistans Lokatè" oswa rele youn nan founisè sèvis jiridik yo ki mansyone adwat yo pou ou jwenn konsèy sou fason pou ou reponn ak pou ou jwenn aksè ak sèvis jiridik yo.
- Si ou nan yon sityasyon degèpisman paske ou gen pwoblèm pou peye lwaye, rele 311 pou jwenn yon referans nan HomeBase, ki konekte lokatè yo ak sèvis ki gen rapò ak degèpisman ak èd pou lwaye.

**Mèt kay mwen an te plede ofri m lajan pou m kite apatman mwen an. Kisa mwen ta dwe fè?**

- HPD rekòmande pou ou pa siyen okenn dokiman/akò san ou pa chèche èd jiridik. Lokatè yo kapab refize òf la epi kontinye viv nan kay yo a. Ou kapab tou fè pwopriyetè a konnen alekri ou pa vle pou li kontakte ou konsènan òf racha a. Pwopriyetè kay la oblije pa kontakte ou pandan 180 jou sof si ou ekri nan moman pi bonè ou ta renmen diskite sou yon racha oswa sof si tribinal la pèmèt pwopriyetè kay la diskite sou òf yon racha avèk ou.

**Pwopriyetè kay mwen an pa vle renouvle kontra-lwaye mwen an. Kimoun mwen kapab kontakte?**

- Si w ap peye lwaye epi pa gen okenn lòt pwoblèm anrapò ak sa, ou ka rele **311** pou ou jwenn èd nan men founisè sèvis jiridik yo. Si ou anreta nan lwaye ou epi ou nan sityasyon degèpisman, rele **311** pou jwenn HomeBase ki pi pre ou a.
- Si ou gen yon kontra lwaye ki gen pri kontwole oswa yon pri lwaye estabilize, epi pwopriyetè kay ou a pa vle renouvle li oswa l ap mande pou ou peye plis pase lwaye legal la, ou ka kontakte Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (NYS Homes and Community Renewal, NYSHCR) nan **(866) 275-3427**, oswa depoze yon plent pou pèsekisyon lè ou vizite [hcr.ny.gov](http://hcr.ny.gov).
- Si ou pa sèten lwaye ou a gen pri estabilize, rele NYSHCR nan **(718) 739-6400**.

**Kijan mwen ka konnen si nenpòt nan vwazen mwen yo oswa ansyen vwazen mwen yo te rapòte asèlman?**

- Lè HPD resevwa enfòmasyon yo, ajans lan afiche sou sit entènèt li a adrès bilding kote yon tribinal te konstate zak pèsekisyon. Ou kapab jwenn li sou entènèt nan [hpdonline.hpdnyc.org](http://hpdonline.hpdnyc.org).

**M ap rankontre anpil pwoblèm. Kimoun mwen ta dwe kontakte?**

Anplis de pwoblèm presi ki dekri deja yo, ou ka pran mezi sa yo:

- Ou ka kontakte liy enfòmasyon ak plent la nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la nan **(800)771-7755**.
- Si ou abite nan yon bilding ki gen lojman ak pri lwaye estabilize, ou ka voye yon imèl bay Gwoup Travay sou Pwoteksyon Lokatè kont Pèsekisyon (Tenant Harassment Protection Task Force, THPT) nan [THPT@hpd.nyc.gov](mailto:THPT@hpd.nyc.gov) oswa rele NYSHCR nan **(866) 275-3427** oswa **(718) 739-6400**.

*THPT se yon kolaborasyon ant ajans Vil yo ke yo kreye pou fè ankèt epi angaje aksyon kont pwopriyetè kay ki pèsekite lokatè. THPT okipe prensipalman zafè ki afekte yon gwo kantite lokatè ki gen lwaye reglemante kote yo ka konsidere aksyon yon pwopriyetè kay kòm zak kriminel.*

**Kijan mwen ka resevwa èd jiridik si mwen pa gen mwayen pou peye pou li?**

- Gen èd jiridik gratis ki disponib pou lokatè ki gen revni fèb epi ki ap sibi pèsekisyon. Ou kapab rele pwofesyonèl nan sèvis jiridik sa yo pou jwenn enfòmasyon:
  - Legal Aid Society: **(212) 577-3300**
  - Legal Services NYC: **(917) 661-4500**
  - Urban Justice Center (Sant Jistis Iben) **(646) 459-3036**
  - Liy Dirèk pou Pwoteksyon Lokatè nan Vil Nouyòk (NYC TPH): **(917) 661-4505**, Lendi jiska Vandredi, 10am jiska 4pm.

*NYC TPH bay èd jiridik pou lokatè ki gen revni fèb ke pwopriyetè kay ap pèsekite nan eseye pran avantaj nan chanjman zonaj yo.*